

PERANE WANITA SAJRONE NOVEL PANGGONJAK ANGGITANE OYOS: TINTINGAN FEMINISME

Erwina Putri Maharani, Darni

Pendhidhikan Basa Lan Sastra Jawa, Universitas Negeri Surabaya, Indonesia

putrimaharani266@gmail.com , darni@unesa.ac.id

Abstrak

Perane Wanita bisa owah nalika anane ombyaking jaman kang tansah modheren. Babagan kasebut nuwuhake panliti kanggo ngangkat panliten ngenani perane wanita sajrone novel *Panggonjak* anggitane Oyos. Panliten menika nduweni petang ancas, yaiku ngandharake wujud perane wanita ing ruwang dhomeistik, wujud perane wanita ing ruwang publik, pepalang kang ditandhang, lan pamawase masarakat tumrap perane wanita ing ruwang publik. Metodhe panliten kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber data primer saka novel *Panggonjak* anggitane Oyos, dene sumber data sekunder arupa buku, skripsi, lan artikel kang slaras kalawan topik skripsi. Dhata sajrone panliten arupa narasi lan pacelathon. Tata cara ngumpulake dhata nggunakake teknik golek pustaka, teknik maca pustaka, lan teknik nyatet. Tata cara nganalisis dhatane yaiku nglumpukake dhata, ngredhuksi lan nggolongake dhata, lan narik dudutan. Asil lan andharan panliten perangane ana papat, yaiku (1) wujud perane wanita ing ruwang dhomeistik sajrone novel *Panggonjak* anggitane Oyos ana telung sub bab yaiku wanita minangka garwa, wanita minangka ibu, lan wanita mianangka objek seks. (2) wujud perane wanita ing ruwang publik sajrone novel *Panggonjak* anggitane Oyos ana limang sub bab yaiku wanita pendhidhikan, wanita makarya, wanita kang merjuwangake hak wanita, wanita merbawani, lan wanita kang nduweni jiwa sosial. (3) wujud pepalang kang ditandang wanita ing ruwang publik ana telung sub bab, yaiku kasejateran ora kawujud, kakurangan modhal kanggo ngembangake usaha, lan ngatur wektu ora bagus, (4) pamawase masarakat tumrap perane wanita ing ruwang publik ana rong sub bab yaiku pamawase kang nyengkuyung lan nulak tumrap perane wanita ing ruwang publik. Adhedhasar panliten menika ana pambada sikep antarane peran kang ditindakake dening wanita. Pambedane amarga budaya kang dianuti. Paraga wanita kang nduweni peran ing ruwang dhomeistik manut budaya patriarki, dene paraga wanita kang nduweni peran ing ruwang publik manut budaya modheren. Mula, panliten menika migunakake tintingan feminisme.

Tembung wigati: Perane wanita ing ruwang dhomeistik, perane wanita ing ruwang publik, feminisme

Article History

Received: Juli 2025

Reviewed: Juli 2025

Published: Juli 2025

Plagiarism Checker: No
235

Prefix DOI :

[10.8734/Argopuro.v1i2.365](https://doi.org/10.8734/Argopuro.v1i2.365)

Copyright : Author

Publish by : Argopuro



This work is licensed under
a [Creative Commons
Attribution-NonCommercial
4.0 International License](https://creativecommons.org/licenses/by-nc/4.0/)

PURWAKA

Miturut pamawas umum ing masyarakat, peran wanita sajrone bebrayan kerep banget digandhengake karo pasulayan lan tantangan sing ora entek-enteke. Salah sawijining sebab yaiku pamikiran menawa wanita iku pawongan kang ora duweni daya lan kalungguhane luwih ngisor tinimbang priya. Pamikiran kaya mangkono nuduhake tumindak kang ora adil marang wanita lan ngasilake stereotip kang ngancem kamardikane. Pamawas kasebut banjur dadi sawijining budaya kang diarani budaya patriarki, yaiku sistem sosial kang ndadekake priya luwih unggul tinimbang wanita. Budaya iki mratelakake wanita minangka subordinat lan cenderung nyuda perane ing kabeh aspek urip, kalebu pendhidhikan, ekonomi, lan politik.

Salah siji contone yaiku wanita Jawa, kang nganti saiki isih akeh sing nganggep peran wanita mung winates marang urusan bale wisma. Wanita Jawa nandhang pasulayan saka budaya patriarki kanthi kuat amarga isih raket karo jiwa tradhisional. Ing babagan pendhidhikan, contone, wanita kerep ora oleh kalodhangan nggayuh pendhidhikan kang luwih dhuwur, amarga masarakat nganggep pendhidhikan dudu kabutuhan utama kanggo wanita. Konsep "wani ditata" nuduhake eksistensi wanita sing dikarepake manut lan diatur dening priya. Uga ana unen-unen "kanca wingking" sing maknane wanita mung dadi pendhukung priya lan mung nduweni jejibahan domestik, yaiku macak, manak, lan masak, utawa dikenal kanthi 3M. Iki mratelakake ruwang gerak wanita mung ana ing wilayah pawon, sumur, lan kasur.

Pamawas masyarakat uga lumrah nganggap badan wanita minangka obyek kang mung kanggo kapuasan priya. Wanita ora duwe kebebasan nolak utawa milih, amarga pamikiran tradisional kaya "swarga nunut neraka katut" wis ngakar kuwat. Tegese wanita kudu manut marang bojone, apapun kahanane. Pamikiran iki ora mung nyuda martabat wanita, nanging uga nyebabake posisi sosial wanita dadi kesubordinat. Kajaba iku, wanita kerep ora nduweni hak suara ing njupuk kaputusan penting babagan uripe dhewe. Kekerasan fisik lan psikologis dadi wujud nyata saka ketidakadilan kasebut. Nalika budaya patriarki tetep ngoyak, hak-hak dasar wanita lan identitas pribadhi saya kabur lan ora dihargai.

Nanging, seiring karo owah-owahan jaman, budaya Jawa uga ngalami transformasi, mligi babagan peran wanita. Wanita Jawa saiki ora mung manut marang budaya tradisional, nanging uga ngupaya ngembangake potensine minangka individu kang bebas lan mandhiri. Perubahan iki ana amarga kesempatan mlebu ing ruang publik dadi luwih kabuka, kayata pendidikan sing luwih dhuwur lan kesempatan makarya. Wanita modheren banjur dikenal minangka wanita mandhiri, yaiku wanita kang bisa nyukupi kabutuhane dhewe lan ora gumantung marang priya. Salah siji tandhane yaiku kemampuan wanita kanggo makarya lan ngasilake dhuwit saka katrampilan sing diduweni, kang kalebu ideologi feminisme.

Senadyan mangkono, wanita mandhiri isih ngadhepi tantangan gedhe saka stereotip lan ekspektasi sosial. Masarakat isih kerep nganggep negatif marang wanita kang milih karir utawa urip mandhiri, amarga dianggep ora cocog karo kodrat wanita minangka ibu lan bojo. Diskriminasi ing papan kerja uga isih lumrah, kayata kesenjangan honor lan kurang kesempatan kanggo wanita dadi pimpinan sanadyan kualitase padha karo priya. Hal iki nuduhake yen ketimpangan gender isih kuwat ing lingkungan kerja lan masyarakat umume. Tekanan sosial supaya wanita tetep cocog karo standar tradisional ndadekake wanita mandhiri kerep kangelan nembus batas. Cacahe wanita kang nduweni kalungguhan dhuwur isih sithik banget, saengga nyebabake kurang inspirasi lan motivasi kanggo nggayuh tujuwan. Saliyane iku, kurangnya dukungan saka kulawarga lan lingkungan uga nyebabake beban emosional kang abot. Nalika ngimbangi antarane karir lan tanggung jawab ing bale wisma, wanita mandhiri kerep ngalami stres lan masalah mental. Kahanan iki mbutuhake keteguhan lan keberanian supaya wanita bisa nggayuh impene lan tetep ajeg ngadepi tantangan.

Tantangan lan pasulayan kang dialami dening wanita tradhisional lan mandhiri iki uga kapacak ing karya sastra. Prakara iki ndadekake peran wanita dadi topik menarik ing kajian sastra, mligine sastra Jawa modern. Sastra Jawa modern minangka wujud ekspresi kang lahir

saka masarakat lan ora mung kagandhenge karo budaya keraton. Pangripta sastra Jawa saiki luwih bebas ngutarakake ide lan pengalaman urip, kalebu pengalaman wanita. Salah sawijining pangripta kang aktif ngangkat tema wanita yaiku Oyos, jenenge asli Joso Harilaksono, kang lair ing Tulungagung lan kerep nulis ing majalah basa Jawa.

Oyos dikenal minangka pangripta sastra Jawa modheren kang wis akeh ngasilake karya, kalebu cerkak, roman sacuwil, crita misteri, lan novel. Karya-karyane kerep kapacak ing majalah Jayabaya, Panyebar Semangat, lan Djoko Lodhang. Sawijining cerkake, Malaekat Cilik, tau menang juwara ing lomba nulis, dene novel Sing Waras Ngalah lan Panggonjak nuduhake kaprigelane ngolah tema wanita. Novel Panggonjak minangka novel kang nyritakake perjuangan paraga wanita ngadhepi budaya patriarki lan usaha kanggo ngowahi panguripane. Oyos ngangkat kahanan nyata saka wanita Jawa lan nampilake pilihan-pilihan peran kang digayuh dening wanita. Novel Panggonjak mratelakake crita saka paraga wanita, Wati lan Jenita, kang sadurunge manut marang budaya patriarki nanging banjur milih dadi wanita mandhiri amarga desakan ekonomi. Nalika priya ora bisa dadi tulang punggung ekonomi kulawarga, paraga wanita njupuk alih peran kasebut. Kanthi nlateni katrampilan, dheweke bisa ngowahi nasib lan mbuktekake yen wanita uga bisa mandhiri lan nguripake kulawargane. Peran wanita ing novel iki nuduhake konsep feminisme, yaiku pembebasan lan kamardikan wanita kanggo nduweni hak lan kesempatan ing bidang publik, khususé ekonomi.

Novel Panggonjak bisa dianalisis nggunakake pendekatan feminisme. Miturut Anjani (2024:16), feminisme minangka cara pandang kang nyengkuyung pembebasan wanita saka sistem kang nyuda hak-hake. Pendekatan iki trep banget kanggo neliti peran wanita tradhisional lan mandhiri kaya kang katon ing novel kasebut. Wanita tradhisional diandharake minangka sing manut lan nyuda dirinya, dene wanita mandhiri digambarake minangka tokoh kang bisa ngangkat drajate lan keluarga liwat usaha dhewe. Kabeh peran iki nuduhake perjuangan wanita kanggo entuk kamardikan lan kalungguhan kang padha ing bebrayan.

METHODE PANLITEN

Metode panliten kang digunakake dening panliti yaiku panliten kualitatif. Miturut Haradhan (Wajiran, 2024:65), panliten kualitatif yaiku teknik pangumpulan dhata kanthi nganalisis lan mangerteni prastawa sosial, dene Ahmadi (2019:3) ngandharake panliten kualitatif minangka panliten kang adhedhasar napsirake lan ndheskripsikake dhata. Ing metode iki, prayogane dhata-dhata ora arupa angka nanging tetembungan kanggo njlentrehake dhata kang ditemokake lan disandhingake karo teori minangka dhasar analisis. Panliti negesake yèn panliten iki duwé sipat deskriptif, kaya kang dikandharake dening S. Nasution (2011:24) manawa panliten deskriptif yaiku panliten kang awujud deskripsi kanthi tujuwan nggambarake prastawa sosial kang ana. Panliti milih pendekatan iki amarga ana klaslarasan antarane subjek lan objek kang diteliti tanpa ana intervensi, saéngga nggampangake panliti kanggo mangerteni gambaran nyata saka prastawa sosial kang diteliti.

Sumber dhata lan dhata nduweni peran penting sajrone panliten amarga dadi dhasar utama kang nyengkuyung kabeh kagiyatan panlitèn. Sumber dhata ing panlitèn iki kapérang dadi loro, yaiku sumber dhata primer lan sekunder. Sumber dhata primer yaiku novel *Panggonjak* anggitané Oyos, sing dadi bahan utama analisis, dene sumber dhata sekunder minangka panyengkuyung, wujud buku, skripsi, lan artikel ilmiah kang temane selaras karo topik panlitèn. Dhata kang dikumpulake arupa narasi lan cecaturan saka novel kang gegayutan karo underan panlitèn nganggo pendekatan feminisme, lan uga dhata sekunder saka literatur pendukung kanggo nguatake panemune panliti.

Instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo ngumpulake dhata supaya asil informasi kang diduweni bisa ketata, objektif, lan saged mangsuli underan panliten. Miturut Sugiyono (2013:305), instrumen utama sajrone panliten kualitatif yaiku panlitine dhewe, amarga panliti minangka pawongan kang nindakake kabeh proses panliten lan dadi sumber utama informasi. Mula saka kuwi, panliti kudu nduweni kawruh kang jembar babagan teori lan prastawa sosial kang diteliti supaya bisa nganalisis, napsirake, lan ndeskripsikake dhata kanthi

becik (Sugiyono, 2015:296). Kanggo nyengkuyung tugas kasebut, panliti uga nggunakake piranti tambahan utawa kabutuhan sekunder kayata buku, laptop, handpone, kertas, lan pulpen.

Tata cara nglumpukake dhata minangka proses penting kanggo ngasilake informasi kang slaras karo ancas panliten. Panliti nggunakake teknik studi kapustakaan kanthi telung langkah, yaiku teknik golek pustaka kanggo nemokake sumber kang relevan kaya buku, artikel, jurnal, lan dokumen liyane; teknik maca pustaka kanggo mangerteni isi sumber kanthi teliti; lan teknik nyatet kanggo ngumpulake lan ngatur informasi saka sumber kasebut, bisa berupa ringkesan, kutipan langsung utawa ora langsung, kang relevan karo topik panliten supaya mempermudah proses analisis dhata.

Tata cara nganalisis dhata yaiku proses ngolah dhata kang wis dikumpulake supaya bisa ngasilake informasi lan dadi asil panliten. Panliti nggunakake teknik analisis dhata deskriptif, yaiku metode kang nganalisis dhata arupa tetembungan kanthi sistematis lan faktual tanpa metu saka dhata sing diolehake, kanthi tujuan supaya menehi gambaran topik panliten kanthi cetha. Miturut Ahmadi (2019:48), teknik iki kalebu tahap identifikasi, pemaparan, verifikasi, lan nyimpulake dhata, sing dikelompokake dadi telung proses: proses wiwitan (ngeceki lan nyatet dhata sing relevan), proses lanjutan (ngreduksi lan nggolongake dhata miturut peran wanita tradhisional lan mandhiri), lan proses pungkasan (nganalisis dhata adhedhasar konsep feminisme sing selaras karo topik panliten).

ANDHARAN

Wujud Perane Wanita ing Ruwang Dhomestik Sajrone Novel Panggonjak Anggitane Oyos

Wanita tradhisional urip sajrone budaya patriarki kang ngedhunake priya minangka pawongan utama ing ruwang publik lan kulawarga. Sistem iki ndadekake wanita tansah ing posisi inferior, kudu tundhuk lan manut marang kaputusan priya, utamane sawise kaiket ing bale sesomah. Wiwit cilik, wanita didhidhik supaya manut, ringkih, lan ora nuntut. Kalodhangan kapemimpinan, pendhidhikan, lan pakaryan luwih akeh diwenehake marang priya, saéngga wanita kepeksa mung ngurusi ruwang dhomestik. Dominasi maskulinitas ndadekake wanita kesrakat nyuwaraake kabisan utawa keinginan pribadhi. Kerep kabisan wanita ora dianggep amarga dipandang metu saka kodrat, lan pambiji marang wanita asring mung adhedhasar badan lan kesanggupan nglayani kulawarga.

Karakter wanita tradhisional dibangun saka nilai-nilai kapatuhan, kapasrahan, lan kasetiyane marang priya. Dhirine diajari nglayani, ora dilayani, lan njaga adem tentreme kulawarga kanthi nglerem kepinginan pribadhi. Wanita dianggep becik nalika ora mbantah lan tansah lembut, ringkih, lan pengertian. Sistem sosial konvensional iki ndadekake wanita ora gelem owah, mung dadi panyengkuyung garwa lan ora nuduhake ambisi pribadhi. Katergantungan marang priya dianggep lumrah lan ora perlu dipersoalake. Kamandhirian malah dipandang minangka tumindak mbangkang marang peran sejati wanita ing budaya patriarki, lan pamawas iki diwarisake terus-menerus tanpa dipertanyakan.

Eksistensi wanita tradhisional dibentuk kanggo njaga ketenteraman kulawarga, sanajan kudu ngorbanake kesejahteraan pribadi. Asring wanita kudu nglerem emosi, tahan tekanan sosial, lan ngadhepi kekerasan demi njaga citra wanita ideal. Wanita ora diharapkan cerdas, mandhiri, utawa ngupaya aktualisasi dhiri, nanging cukup manut pola urip kang wis ditemtokake. Sistem patriarki nggawe watesan kultural kang ngendhaleni kamardikan wanita, saéngga wanita ora bisa tuwuh minangka individu kang utuh lan mung dadi bayangan priya. Peran wanita tradhisional didhelikake ing omah, dadi ibu, garwa, lan kadang objek seks.

Peran wanita minangka garwa sajrone budaya patriarki ngangkat dheweke dadi pangurus utama rumah tangga. Wanita dituntut setya lan tundhuk marang garwa, nyengkuyung karir garwane tanpa nuntut kabutuhan pribadhi. Kaya diandharake Darni (2020), wanita ora kalebu prioritas kanggo ngembangake pendhidhikan utawa karir pribadi amarga fokus utamane yaiku nyenengake kulawarga. Masarakat nganggep suksesnya priya asal saka pengorbanan lan katrampilan garwane ing omah. Wanita tradhisional kudu manut sanajan posisine asor.

Pamawas iki makantar-kantar ing budaya, lan ndadekake peran wanita ing sistem rumah tangga patriarkal dadi subordinat, dianggep mulya nalika sabar, ikhlas, lan ora nuntut.

Tokoh Wati sajrone novel *Panggojak* nggambarake citra wanita tradhisional. Wati ora makarya lan gumantung marang penghasilan Hari, bojone. Dheweke muterake dhuwit dodolan angkringan lan ngatur kabutuhan kulawarga kanthi cermat, senadyan dhuwite cumpen. Nalika kahanan ekonomi ngrepotake, Wati bingung nanging tetep tanggung jawab ngatur kabutuhan. Bahkan nalika kacilakaan ing pasar, Wati isih mikir blanja lan ora langsung mutusake langkah tanpa rembugan karo bojone. Sikep iki nggambarake kelemahan keputusan mandiri lan ketergantungan marang priya. Tembung Jawa “swarga nunut, neraka katut” cetha banget nglukis posisi wanita kaya Wati.

Wati uga nindakake peran minangka penyedhiyane emosional kanggo garwane. Nalika Hari nesu amarga kedadeyan tabrakan, Wati milih meneng lan nyimpen sebab utama supaya ora nambahi beban. Sikepe nuduhake katrampilan emosional kang kuwat nanging ora diwenahi ruwang jujur marang priya. Dheweke kudu nglerem rasa, sabar, lan ngupaya supaya priya tetep ayem. Iki nuduhake peran wanita tradhisional kang ora mung ngurus rumah tangga, nanging uga ngelola emosi sesambungan. Pambiji iki ngancik tekanan batin amarga wanita ora duwe ruwang kanggo jujur, ngungkapake unek-unek, lan kudu tetep patuh sanajan ora adil.

Saliyane Wati, tokoh Jenita uga nggambarake wanita tradhisional kang gumantung karo Pak Pramono. Jenita wedi ditinggal Pak Pramono lan ngupaya nahan sesambungan kanthi nglerem lan nyingidake informasi. Dheweke ngerti posisi finansial lan sosial Pak Pramono minangka sumber keamanan, amarga sadurunge dheweke kerep nandhang karuwetan. Saiki sawise sugih lan cukup, Jenita ora pengin kabeh ilang. Gumantungane marang Pak Pramono nuduhake kawatesan wanita kang ora makarya lan ora mandiri ekonomi. Jenita mbangun strategi defensif kanggo njaga pernikahanane, sanajan kanthi cara nutupi kasunyatan. Pambiji iki nuduhake kuwat banget patriarki ing urip wanita.

Wanita tradhisional uga nindakake peran minangka ibu kanthi tanggung jawab tanpa prei. Wanita diwatesi ruang gerake lan tanggung jawab ngurus anak tanpa oleh pangakon sosial. Ibu tangi isuk, masak, ndhidhik anak, lan nyukupi kabeh kabutuhan emosional lan fisik anak. Sifat sabar, telaten, lan legawa dadi syarat tanpa cathetan. Sistem patriarki nganggep iki minangka tugas alami wanita lan ora menehi ruang kanggo ngembangake karir utawa kapribadian. Peran Wati kang ngeterake Rafi sekolah lan menehi pitutur nuduhake dedikasi ibu tradhisional. Nanging kabeh energi lan wektu Wati kabotan mung kanggo kulawargane, ora kanggo pribadine.

Peran wanita tradhisional minangka objek seks katon cetha saka pemahaman budaya patriarki kaya unen-unen “kanca wingking”. Wanita mung dianggep jangkepene priya, lan visualisasi wanita ing media utawa sastra kerep mung ngatonake badan, kaendahan, lan daya tarik seksual. Nalika hubungan seksual ora didasari persetujuan sejajar nanging rasa iba utawa ketergantungan ekonomi, wanita dadi objek kang pasif. Tokoh Jenita ngalami hubungan seksual tanpa kesadaran nalika karo Pak Pram. Jenita ora bisa nolak, lan sawise hubungan kuwi malah disalahake karo struktur budaya kang nganggep wanita kudu nrima. Jenita mung dadi alat kanggo ngasilake anak, lan nalika anak ora sampurna, dheweke malah disalahake maneh.

Jenita kang kepengin ngembangake ekonomi pribadi, balik dadi purel amarga kurang modal. Cedhake karo sopir Grab, Joko, ndadekake hubungan asmara kang mungkasi ing hotel. Adegan iki nuduhake wanita tradhisional kang nglakoni peran minangka objek seks kanthi sadar nanging amarga tekanan kahanan. Jenita tetep mlebu sistem patriarki sanajan pengin mandiri. Dheweke gumantung, nduweni daya tarik, nanging ora nduweni kuasa kang sejati. Masarakat ora menehi alternatif ruwang urip lan kerja sing aman. Tumindake Jenita nuduhake beban mental lan sosial wanita tradhisional kang ora mung ngladeni priya nanging kudu bisa tetep selamat ing struktur budaya kang ora adil.

Wujud Perane Wanita ing Ruwang Publik Sajrone Novel *Panggonjak Anggitane Oyos*

Peran wanita ing jaman modheren ngalami owah-owahan gedhe. Wanita saiki dituntut bisa mandhiri tanpa gumantung marang wong tuwa utawa garwane. Kamandhiran wanita iku katitik saka kemampuane ngupayakake kabutuhan kauripan saka hasil jerih payahé dhewe. Jaman saiki mbutuhake wanita kanggo nduweni katrampilan lan kaprigelan supaya bisa saingan ing donya kerja lan teknologi. Medhia sosial uga ndhukung wanita kanggo ngakses kawruh anyar sing bisa ngembangake potensine. Kamandhiran ora mung ndadekake wanita luwih kuat, nanging uga dadi simbol perubahan positif tumrap masarakat patriarkis.

Pendhidhikan nduweni peran utama kanggo mbentuk citra wanita mandhiri. Kanthi pendhidhikan, wanita bisa nambah kawruh lan kabisan, supaya bisa nggayuh pakaryan kang pantes lan duwe drajat. Pendhidhikan uga ndadekake wanita luwih dihargai lan bisa njupuk keputusan penting. Lumantar pendhidhikan, wanita bisa nyelaki budaya patriarki lan ngukir masa depané dhewe. Wanita sing duwe pendhidhikan dhuwur bisa dadi agen pangowahan ing masarakat lan ngajari generasi sabanjure supaya luwih maju lan kritis. Wanita mandhiri ora luput saka peran ganda, yaiku tanggung jawab minangka ibu lan istri ing omah, uga makarya ing njaban. Peran ganda iki njalari wanita kudu bisa ngatur wektu lan energi kanthi bijaksana. Kanthi makarya, wanita bisa nyengkuyung ekonomi kulawarga, nanging peran domestik tetep kudu dijaga. Iki nuduhake yen wanita bisa nggabungake peran domestik lan publik kanthi apik. Kamampuan iki ndadekake wanita luwih dihargai lan dadi teladan kanggo lingkungané.

Pendhidhikan uga penting kanggo mbentuk karakter lan pola pikir wanita. Wanita sing nduweni pendhidhikan ora mung ngerti teori, nanging bisa mikir kritis, njupuk keputusan logis, lan nduweni tanggung jawab sosial. Kanthi pendhidhikan, wanita bisa berkembang ing bidang ekonomi, politik, sosial, lan bisa mbangun bangsa. Negara kang wanitane akeh sing pendhidhikan dhuwur cenderung luwih makmur lan sejahtera, amarga wanita uga melu nyokong panguripan masyarakat. Wanita pendhidhikan nduweni kekuwatan kanggo ngowahi pamawase masarakat. Yen biyen wanita mung diwatesi ing pawon lan sumur, saiki bisa mlebu ing ruang publik, dadi pemimpin, guru, dokter, pengusaha, lan liya-liyane. Pendhidhikan ndadekake wanita luwih percaya diri, trampil, lan mampu ngatasi masalah sosial kanthi solusi kang bijak. Dadi, wanita pendhidhikan ora mung entuk manfaat pribadi, nanging uga menehi pengaruh positif kanggo sekitaré.

Tokoh Wati ing novel *Panggonjak* dadi conto nyata wanita pendhidhikan. Wati lulusan Sastra Jawa lan tau dadi GTT ing SMA NU. Pendhidhikané ngasah basa, sopan santun, lan logika. Sikape sopan lan alus nalika ngadepi masalah nuduhake kedewasaané. Wati bisa nerusake peran minangka ibu, istri, lan mantan guru kanthi cara-cara kang mendidik, sabar, lan bijaksana. Ciri-ciri wanita pendhidhikan kasebut nambah nilai karakteré. Wati uga nuduhake pendekatan pendhidhikan karakter tumrap anaké, Rafi. Dhirine ngajari Rafi supaya sopan, berani, ora gampang nglokro, lan ngerti tanggung jawab. Rafi dilatih ngadhepi masalah sosial lan ngerti lingkungané. Wati ora mung ngajari kanthi tembung, nanging liwat praktik langsung. Saka dolan ing angkringan nganti sesrawungan karo pelanggan, Rafi sinau sopan santun lan etika sosial. Iki gambaran praktik pendhidhikan karakter saka omah.

Sikap intelektual Wati uga katon saka carané mikir logis lan reflektif. Nalika anake duwe masalah, Wati ora cepet-cepet nesu nanging luwih milih ngajak rembugan. Wati ora mung mikir emosi, nanging mikir jero karo sebab-akibat, lan dampake marang perkembangan anak. Dene carané ngatur omah lan usaha kulineré, Wati tetep telaten lan penuh perhitungan. Iki nuduhake kemampuan manajemen rumah tangga lan usaha sekaligus. Kahanan ekonomi kang angel ndadekake Wati mutusake metu saka guru GTT lan pindhah menyang jalur kewirausahaan. Dhirine mbangun usaha olshop kuliner saka nol, diwiwiti saka bazar sekolah nganti dodolan mandhiri. Strategi penetapan DP lan konsistensi dodolan nuduhake ketegasané ing bisnis. Dene carané ngatur jadwal dodolan, ngindhari order dadakan, nuduhake prinsip lan manajemen wektu kang apik.

Saliyane tegas, Wati uga ngajeni pelanggan lan lingkungan. Dheweke seneng menehi diskon kanggo pelanggan setia lan ngajeni hubungan sosial. Iki nuduhake sikep sosial lan

komunikasi bisnis kang apik. Wati ngerti target pasaré, ngerti psikologi konsumen, lan tetep ngormati kabutuhan anak. Dene tugasé dadi ibu ora dilalekake senadyan usahaé maju. Iki nuduhake kemampuan peran ganda kang efektif.

Kemandirian ekonomi kang digayuh Wati ndadekake dhirine ora gumantung marang priya. Usaha kuliner ndadekake Wati bisa nyukupi kabutuhan kulawarga lan tetep dadi ibu lan garwa kang tanggung jawab. Karakter Wati mujudake teladan wanita Jawa modern: mandhiri, tangguh, sopan, lan percaya diri. Kamandhirané mujudake bukti yen wanita bisa ngatur omah lan bisnis sekaligus. Saka kabeh andharan kasebut, kita bisa nyimpulake menawa peran wanita jaman saiki luwih kompleks lan nguntungake. Wanita ora mung dadi pelengkap, nanging dadi penggerak kemajuan bangsa. Pendhidhikan, kemandirian, lan karakter sosial ndadekake wanita luwih kuwat ngadhepi tantangan jaman. Tokoh-tokoh wanita ing novel *Panggonjak*, kaya Wati, nuduhake yen wanita bisa sukses, ngatur kulawarga, lan nambah nilai urip tanpa ninggalake budayane.

Pepalang kang Ditandang Wanita ing Ruwang Publik Sajrone Novel Panggonjak Anggitane Oyos

Manungsa sajrone urip mesthi bakal ketemu pepalang, yaiku pacoban utawa halangan kang ngalangi tujuwan. Pepalang iki sipate negatif amarga bisa nyuwengi kemajuan. Nanging, pepalang uga bisa dadi latihan kanggo mbangun kekuwatan batin, supaya manungsa luwih tangguh lan wani njupuk keputusan. Wanita-wanita kang nandang pepalang, kayata tokoh-tokoh ing novel *Panggonjak*, bisa nggunakake pepalang kasebut minangka cara kanggo nguatake pribadine lan nambah kaprigelane kanggo nerusake urip kanthi slaras ing tengah masyarakat. Ing novel *Panggonjak* karangan Oyos, tokoh-tokoh wanita kaya Wati lan Jenita nggambarake wanita mandhiri kang nandang pepalang sajrone urip. Pepalang-pepalang kasebut ora mung asal saka njaba (eksternal), nanging uga saka batin (internal). Kalebu antarane kesejahteraan kang ora kawujud, kakurangan modhal kanggo usaha, tanggung jawab rumah tangga lan anak, nganti ora bisa ngatur wektu kanthi becik. Sanadyan wis makarya lan duwe tekad kuat, pepalang ekonomi lan sosial isih dadi tantangan utama.

Wati, salah siji tokoh utama, wis nduweni pendhidhikan dhuwur lan duwe pengalaman dadi guru GTT. Nanging, honore sing asor ora cukup kanggo nyukupi kabutuhan. Honore kang cilik ora nyokong cita-citane Wati kanggo nyumbang kawruh marang bocah-bocah sekolah. Akhire, dheweke mutusake metu saka profesi guru amarga ora ana jaminan masa depan, kayata status PNS utawa tunjangan. Iki nuduhake manawa pendhidhikan dhuwur ora mesthi njamin kestabilan finansial, utamane tumrap wanita. Sanadyan wis makarya ing usaha kuliner, Wati isih nandang pepalang nalika kepengin ngembangake usahane. Salah siji kendala utama yaiku ora duwe modhal kanggo nyewa ruko anyar kang luwih strategis. Panjaluke masyarakat supaya Wati mbuka resto luwih resmi wis kasebar ing media sosial, nanging Wati eling kahanane durung cukup. Dheweke milih nunda lan ngumpulake dhuwit sethithik-sethithik, nggunakake prinsip “alon-alon asal kelakon.” Iki nuduhake pendekatan realistik lan dewasa sajrone ngatur langkah usaha.

Pepalang liyane kang diadhepi Wati yaiku ora bisa tuku mobil box kanggo nyengkuyung pesenan catering gedhe. Mobil kuwi penting kanggo ngangkut alat-alat catering, nanging regane durung bisa kawujud amarga pemasukan ora ajeg. Wati lan Hari, garwane, luwih milih nyewa dhisik tinimbang meksa tuku. Nanging nalika ana pesenan pawiwahan gedhe, Hari semangat golek dana, nganti kepikiran utang KUR. Iki nuduhake adaptasi lan tekad kang ora kendho.

